



PRAN KONTWÒL
TIBÈKILOZ
(TB) OU A

Sa Pou Espere ak Kijan Pou w Rete Ansante



FASON POU TRETE TIBÈKILOZ (TB) OU A

Si w se youn nan plizyè rezidan New York

ki gen TB yo, li enpòtan pou ou jwenn tretman ak sipò. TB se yon maladi grav, men ou kapab geri li si w jwenn bonjan tretman. Pi bonè ou kòmanse, se pi byen w ap santi ou.

*Avètisman: Tout foto yo se sèlman pou ilustrasyon.
Nenpòt moun ki dekri se yon modèl.*





JWENN PLIS ENFÒMASYON

DE

FAZ TB YO

Yon tè s TB ki pozitif vle di ou gen jèm TB a nan kò ou. Doktè ou kapab fè plis tè s pou wè si ou gen TB ki pa aktif oswa TB ki aktif.

Enfeksyon TB ki pa Aktif

Ki rele tou "TB ki pa aktif" oswa "Enfeksyon TB"



Ou pa santi ou malad



Nòmalman rezilta tè s TB yo pozitif



Ou pa ka bay lòt moun li

Maladi TB ki aktif

ki rele tou "TB aktif" oswa "maladi TB"



Ou santi ou malad



Nòmalman rezilta tè s TB yo pozitif



Ou ka bay lòt moun li

Si ou gen **TB ki pa aktif**, jèm TB ki nan kò ou yo ap “dòmi”.

Si ou gen **TB ki aktif**, jèm TB ki nan kò ou yo ap miltiPLYe. Nòmalmàn TB aktif afekte poumon ou, men li kapab afekte lòt pati nan kò ou tou.

Lè yon moun ki gen TB aktif touse, pale, oswa estènye, jèm yo simaye nan lè a. Lòt moun ki respire jèm sa yo kapab pran TB.

Siy TB Aktif:

- W ap touse pou twa semèn oswa plis oswa w ap touse san
- Ou santi ou fatige ak fèb
- Ou manke apeti epi ou pèdi pwa
- Ou gen lafyèv epi ou swe pandan lanwit

TB AKTIF



TB ki pa aktif ka vin TB aktif si ou pa trete li. Menm si ou pa santi ou malad, I ap enpòtan pran medikaman ou pou anpeche mikwòb TB a “reveye” epi vin TB aktif.

TB ki aktif kapab fè ou malad anpil. Lè ou pran medikaman ou sa pral ede ou vin miyò ak pa simaye jèm nan bay zanmi ak fanmi. Pi bonè ou kòmanse pran medikaman, se pi bonè w ap ka retounen travay oswa lekòl.

“ Kèk ane pase, mwen te gen yon tès po TB pozitif epi doktè mwen te di mwen se te TB ki pa aktif. Mwen pa te pran medikaman li te bay mwen yo paske mwen te santi mwen anfòm. Mwa pase, mwen te kòmanse santi mwen malad anpil; mwen t ap touse epi mwen te gen yon fyèv. Mwen te aprann mwen gen TB aktif kounye a. Mwen gen yon pakèt medikaman pou mwen pran, epi sanble mwen te fè lòt moun malad tou. Si mwen te pran medikaman pou TB ki pa aktif la, sa pa t ap janm rive. ”

- Anila, 28, Queens

NAN

TRETMAN OU A

Kèk maladi ak medikaman kapab afebli sistèm iminitè epi fè ou gen plis chans pou TB ki pa aktif la vin TB aktif.

Avan ak pandan tretman ou pou TB aktif ak TB ki pa aktif, di doktè ou si ou:

- Pran lòt medikaman
- Gen VIH/SIDA, dyabèt oswa lòt pwoblèm sante
- Ansent oswa kapab pral ansent
- Ap bay tete

Pran tout medikaman doktè ou preskri yo. Menmsi ou santi ou byen kounye a oswa ou kòmanse santi ou miyò, ou kapab kòmanse santi ou pi mal si ou sispann pran medikaman ou.

- **Si ou soti oswa rate dòz ou, sa kapab fè TB a vin rezistan ak medikaman an – ki vle di medikaman ou a p ap ka touye jèm yo ki nan kò ou a. Li difisil pou trete TB ki rezistan ak medikaman epi sa ka pran nenpòt dezan pou geri.**
 - o Si ou rate yon sèl dòz, kontinye pran medikaman an jan doktè ou preskri a.
 - o Si ou rate plis pase yon sèl dòz, rele doktè ou touswit.
- **Bay tèt ou plis swen pandan tretman an**
 - o Piga ou bwè alkòl. Si ou bwè alkòl pandan w ap pran medikaman pou TB a, sa kapab domaje fwa ou.
 - o Sispann fimen. Si ou bezwen èd, rele 311 oswa 1-866-697-8487, oswa ale sou [nyc.gov/health](https://www.nyc.gov/health) epi chèche “NYC Quits” (Vil New York ak Kite Fimen).

SONJE

PRAN

MEDIKAMAN OU



Men kèk ti konsèy ki ka ede ou:

- Pran medikaman ou jan doktè ou preskri a.
- Kite tout medikaman ou yo yon sèl kote.
- Make chak jou ou pran medikaman ou yo sou yon kalandriye.
- Ekri yon ti mesaj rapèl pou fè w sonje pou pran medikaman yo nan yon chanm nan kay ou, tankou nan kizin nan.
- Pwograme yon alam nan telefòn ou oswa mont ou.
- Mande fanmi oswa zanmi pou fè ou sonje pou pran medikaman ou.
- Pale ak pwofesyonèl swen sante ou konsènan terapi obsèvasyon dirèk (directly observed therapy, DOT), yon sèvis gratis ki kapab ede ou pran tretman ou kòm sadwa. Gade paj 14 pou jwenn plis enfòmasyon.

POSIBLITE EFÈ SEGONDÈ

TRETMAN POU TB

Pifò moun pran medikaman pou TB san pwoblèm, pandan gen lòt moun ki gen efè segondè.

Si ou gen nenpòt nan efè segondè sa yo, sispann pran medikaman ou epi rele doktè ou touswit:

- Kèplen, vomisman, oswa okenn apeti
- Vant fè mal
- Vizyon twoub oswa chanje
- Zye ak po jòn
- Demanjezon oswa gratèl nan po
- Pikotman nan dwèt men oswa dwèt pey
- Doulè nan jwenti
- Koulè pipi fonse oswa mawon
- Lafyèk ki dire twa jou oswa plis

PALE

AK

MANADJÈ DOSYE OU



Si ou gen TB aktif, yon manadjè dosye Depatman Sante pral ba ou sipò pandan ou nan tretman an. Sèvis sa a gratis.


Ou kapab bay lòt moun jèm TB a, tankou fanmi ak zanmi ou, lè ou touse oswa estènye. Manadjè Dosye ou kapab ede yo teste pou TB.

Manadjè Dosye ou pral pale ak ou sou:

- Sentòm ou yo
- Kote ou te vizite
- Moun ou te frekante

“ **Manadjè Dosye mwen te mande mwen non kontak mwen yo – moun mwen te pase anpil tan ak yo avan mwen te kòmanse tretman an. Manadjè Dosye mwen te di li bezwen rele oswa vizite kontak mwen yo pou di yo pou yo al teste pou TB. Ansanm, nou te fè yon lis moun li sipoze rele yo. Manadjè Dosye mwen te pwomèt mwen l ap kenbe idantite mwen prive.** ”

- Carlos, 42, Brooklyn




Terapi Obsèvasyon Dirèk (DOT): Lè ou bezwen pran medikaman ou, manm pèsònèl Depatman Sante a kapab kontre ak ou an travay, lakay ou, oswa nan konferans videyo oswa nan yon nan Klinik TB Depatman Sante yo. Yo kapab reponn kesyon ou yo ak ede ou swiv tretman ou. Pou jwenn plis enfòmasyon sou DOT, ak fason pou enskri, pale ak doktè ou.

Pou jwenn plis enfòmasyon:

- Ale sou nyc.gov/health/tb
- Rele 311 epi mande enfòmasyon konsènan TB
- Ale sou cdc.gov/tb

**SANT PWATRIN
DEPATMAN SANTE
VIL NEW YORK (NEW
YORK CITY HEALTH
DEPARTMENT):**

- Bay sèvis gratis nan lang ou
- Ou pa bezwen asirans sante
- Yo pa poze kesyon sou sitiyasyon ou ak imigrasyon



1 Washington Heights Chest Center
600 W. 168th St.,
Third Floor
New York, NY 10032

2 Morrisania Chest Center
1309 Fulton Ave.,
First Floor
Bronx, NY 10456

3 Corona Chest Center
34-33 Junction Blvd.,
Second Floor
Jackson Heights, NY 11372

4 Fort Greene Chest Center
295 Flatbush Ave. Ext.,
Fourth Floor
Brooklyn, NY 11201



